**दिन–बुधवार** **दिनांक–15.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय जनता पार्टीक वरिष्ठ नेता सम्राट चौधरी आइ बिहारक नव मुख्यमंत्रीक रूप मे शपथ लेलनि। राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत सैयद अता हसनैन पटनाक बिहार लोक भवन मे आयोजित कार्यक्रम मे हुनका पद आओर गोपनियताक शपथ दियौलनि। श्री चौधरी राज्यक चौबीसम मुख्यमंत्री छथि। संगहि, ओ बिहारक मुख्यमंत्री बनयवला भाजपाक पहिल नेता सेहो छथि। एहि मौका पर जदयूक वरिष्ठ नेता आओर सरायरंजन सँ विधायक विजय कुमार चौधरी आओर सुपौल सँ विधायक बिजेन्द्र प्रसाद यादव सेहो मंत्री पदक शपथ लेलनि। हिनका दुनू के उपमुख्यमंत्रीक दर्जा देल गेल छनि। सम्राट चौधरी मंत्रिमंडलक आनो–आन मंत्रीक घोषणा बाद मे कयल जायत। शपथ ग्रहण समारोह मे जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आओर पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन, केन्द्रीय मंत्री जे.पी. नड्डा, शिवराज सिंह चौहान, राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह, चिराग पासवान, जीतनराम मांझी, राजभूषण चौधरी आओर राष्ट्रीय लोक मोर्चा प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहा सहित एनडीएक घटक दलक पैघ–पैघ नेता सभ छलाह।

---

शपथ ग्रहणक बाद मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सचिवालय जा कऽ अपन काम–काज संभारलनि। ओ अधिकारी सभक संग एक उच्च स्तरीय बैसक सेहो कयलनि। बाद मे श्री चौधरी भाजपा प्रदेश मुख्यालय जा कऽ पार्टी नेता आ कार्यकर्ता सभक संग संवाद कयलनि। एकर बाद संवाददाता सभ सँ गपशप मे श्री चौधरी जनौलनि जे ओ पूरा निष्ठाक संग अपन दायित्वक निर्वहन करताह। श्री चौधरी जनौलनि जे बिहार मे विकासक मोदी आओर नीतीश मॉडल लागू होयत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सम्राट चौधरी के बिहारक मुख्यमंत्री पदक शपथ लेबय पर बधाई आओर शुभकामना देलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी जनौलनि जे सम्राट चौधरीक जमीन सँ जुड़ल अनुभव राज्य लेल बेसी उपयोगी होयत। प्रधानमंत्री उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आओर बिजेन्द्र प्रसाद यादव के बधाई देत जनौलनि जे हिनक जनहित के लऽकऽ प्रतिबद्धता राज्यक विकास के नव दिशा आओर गति देत। भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह सम्राट चौधरी के बिहार मे भाजपाक पहिल मुख्यमंत्रीक रूप मे सफल कार्यकालक शुभकामना देलनि अछि। जदयू अध्यक्ष आओर पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सम्राट चौधरी के मुख्यमंत्री पदक शपथ लेबय पर बधाई देलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री कुमार आशा जतौलनि जे सम्राट चौधरीक देखरेख मे बिहार बेसी तेज गति सँ विकास करत आओर देशक सभक सँ बेसी विकसित राज्यक श्रेणी मे आबि जायत।

———————————————————

भाजपा अध्यक्ष नितिन नबीन, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी आओर राष्ट्रीय लोक मोर्चा प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहा, भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी, भाजपाक वरिष्ठ नेता आ पूर्व उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा बधाई आ शुभकामना दैत जनौलनि जे हुनक नेतृत्व मे बिहार नव उचाई के छुअत।

———————————————————

प्रदेश मे नव सरकार बनलाक बाद मंत्री सभक बिच विभागक बटवारा कऽ देल गेल अछि। मंत्रिमंडल सचिवालय विभागक अनुसार मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के सामान्य प्रशासन, गृह, निगरानी आओर मंत्रिमंडल सचिवालय सहित उनतीस विभागक जिम्मेदारी देल गेल अछि। ओतहि, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी के संसदीय कार्य, जल संसाधन आओर सूचना आ जनसंकपर्क सहित दस विभागक जिम्मेदारी सौंपल गेल अछि। संगहि, उपमुख्यमंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव वित्त, ऊर्जा आओर मद्य निषेध सहित आठ विभागक जिम्मेदारी संभारताह।

———————————————————

संसदक तीन दिवसीय विशेष सत्र काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि। एहि सत्र मे विधायिका मे महिला आरक्षण सँ जुड़ल नारी शक्ति वंदन अधिनियम पारित कराओल जायत। ई अधिनियम लोकसभा आओर राज्य विधानसभा मे महिला सभ लेल तैंतीस प्रतिशत सीट आरक्षित कयल जायत। ई अधिनियम के पारित भेलाक बाद लोकसभाक सीटक संख्या बढ़ि कऽ आठ सय सोलह भऽ जायत। एहि बिच भाजपा अपन लोकसभा आओर राज्यसभा सांसद सभ के ई विशेष सत्र मे रहबाक लेल व्हिप जारी कयलक अछि।

———————————————————

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड दू हजार छबीसक कक्षा दशवींक बोर्ड परीक्षाक परिणाम घोषित कऽ देलक अछि। बोर्डक अनुसार तिरानवे दशमलव सात शुन्य प्रतिशत रिजल्ट भेल अछि।

———————————————————

मिथिलाक लोक पावनि जुड़ शीतल आइ पारंपरिक श्रद्धा आओर आस्थाक संग मनाओल गेल। प्राकृति प्रेम सँ जुड़ल ई पावनि पर आइ सूर्योदय सँ पहिने घरक बुजूर्ग महिला सभ परिवारक सदस्य सभक माथा—चान पर जल सँ जुड़बैत हुनका सभ के आर्शीवाद देलनि एकर बाद लोक सभ अपन—अपन गाछ—वृक्ष के सेहो पानि सँ जुड़ौलनि। संगहि, एक दोसर के भीजल माटि लऽगा कऽ प्राकृति संरक्षण लेल प्रेरित कयलनि। आजुक दिन बासि भोजन खयबाक परंपराक कारण ई पावनि के बासि पावनिक नाम सँ सेहो जनाल जायत अछि।

———————————————————

समाप्त